



Preparasyon pou Ijans nan Pwogram Gadri Timoun

Nimewo Règleman an: FO-26-01

Dat Li Pibliye : 4 Mas, 2026

Dat Li An Vigè: 1ye Me, 2026

Aplikabilite: Pwogram Gadri ki gen Lisans epi ki Resevwa Finansman

ENFÒMASYON DEBAZ

Depatman Edikasyon ak Swen/Gadri pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) angaje l pou sipòte pwogram gadri pou timoun k ap fè fas ak ijans ke yo pa t prevwa. Ijans sa yo enkli dezaz natirèl ak dezaz ki fèt pa lèzòm, sa ki ka rive nenpòt kote ak nenpòt kilè, san avètisman. Egzijans pou planifikasyon ijans ki dekri nan politik sa a ede pwogram gadri pou timoun yo prepare davans pou kenbe timoun yo ak anplwaye yo an sekirite jan ke sa posib pandan kriz sa a.

OTORITE

- 606 CMR 7.11(7): Preparasyon pou Ijans
- 606 CMR 7.04(4): Egzijans pou Dosye yo
- 606 CMR 7.11(6): Itilize yon lòt lokal rezèv ki pa lokal kote nou abitye travay

DEFINISYON

Pou menm objektif politik sa a, yo itilize definisyon sa yo:

- Direktè Jesyon Ijans Lokal: Yon anplwaye minisipal ki responsab pou bay enfòmasyon sou danje lokal, plan ijans,abri/shèltè ak sijè ki gen rapò ak ijans. Direktè Jesyon Ijans Lokal la jeneralman lokalize li nan depatman ponpye lokal la, depatman polis la oswa yon lòt depatman gouvènman minisipal.
 - Ajans Jesyon Ijans Massachusetts (MEMA) kenbe yon [list of contact information](#) (← Lis enfòmasyon kontak) pou biwo lokal sa yo atravè Eta a.

- Konfinman: Yon pwosedi sekirite pou lè gen yon moun ki reprezante yon menas andedan oswa toupre bilding lan. Yo ka mete yon bilding an konfinman, pa egzanp, si yon tirè aktif (moun k ap tire kout bal sou moun) antre nan bilding lan oswa si yon ensidan vyolan rive toupre a. Lè yo mete yon bilding an konfinman, pèsònèl la asire yo menm ak timoun yo nan yon chanm fèmèn epi rete kote moun pa ka wè yo. Egzanp pratik konfinman yo enkli fèmèn ak bare pòt ekstèn ak pòt entèn, etenn limyè yo, kenbe tout moun trankil epi kache, epi pa pèmèt pèsonn antre oswa sòti nan bilding lan jiskaske li an sekirite pou rekòmanse aktivite nòmal yo.
- Rete Abrite w Kote w ye a: Yon pwosedi sekirite pou lè gen yon sitiyasyon danjere deyò a, tipikman yon ijans meteyolojik oswa yon kontaminasyon anviwònmanal, epi li pi an sekirite pou rete andedan. Egzanp pratik pou rete abrite w kote w ye a enkli fè tout moun antre andedan rapidman, mennen timoun yo nan espas enteryè ki an sekirite, sekirize bilding lan, epi swiv pwosedi kominikasyon ijans jiskaske li an sekirite pou rekòmanse aktivite nòmal yo.

DEKLARASYON SOU POLITIK/RÈGLEMAN SA A

Kontni Plan Preparasyon pou Ijans

Dapre 606 CMR 7.11(7)(f), Pwogram gadri pou timoun yo dwe kreye epi kenbe yon plan preparasyon pou lè gen yon ijans. Plan sa a dwe abode/adrese chak grenn sijè sa yo:

1. Kominikasyon ak Otorite yo: Fè deskripsyon kijan, kilè, ak kiyès ki pral kontakte depatman ponpye a ak/oswa lòt otorite gouvènman ki apwopriye pou kominike enfòmasyon ijans. Tanpri enkli yon lis otorite sa yo ak enfòmasyon kontak yo (non, tip òganizasyon, nimewo telefòn). Enkli nimewo telefòn inik depatman ponpye ak depatman polis lokal ou yo pou ou ka rele yo dirèkteman, olye pou yo pase w atravè 9-1-1.
2. Kominikasyon & Reyinyon ak Fanmi yo: Eksplike kijan pwogram nan pral kominike ak fanmi yo pandan yon ijans, enkli sa yo:
 - Plan pwogram nan pou notifiye fanmi yo nan ka ijans, sa ki enkli mwayen kominikasyon yo itilize ak moun ki responsab pou kontakte yo;
 - Plan pwogram nan pou yo verifye ke adilt/granmoun k ap vin cheche timoun nan se yon moun ki sou lis yo apwouve ki ka vin chèche timoun nan; epi

- Pwosedir pou lè yon paran oswa yon moun k ap okipe timoun nan pa kapab vin chèche pitit li pandan ijans lan epi/oswa li pa reponn a efò pwogram nan fè pou kontakte li.
3. Kouran, Echofaj, ak Dlo: Deskripsyon kijan pwogram nan pral jere yon pann sanzatan tankou kouran, echofaj, ak/oswa dlo. Tanpri enkli enfòmasyon kontak (non, tip òganizasyon, nimewo telefòn) pou:
- Konpayi sèvis piblik ki bay sèvis nan bilding ou yo;
 - Teknisyen chofaj/HVAC, elektrisyen ak plonbye ki bay sèvis pou bilding ou yo; epi
 - Nenpòt lòt kontak ki enpòtan.
4. Timoun ki Pèdi/Disparèt: Dekri pwosedir pwogram nan pou reponn lè yon timoun pèdi. Plan an dwe espesifik pou lokal pwogram nan(yo) epi pran an konsiderasyon si sit/lokal la ouvè pou piblik la. Tanpri enkli bagay sa yo:
- Etap anplwaye yo ap pran si yon timoun pèdi;
 - Anplwaye ki responsab pou chèche yon timoun ki pèdi ak nan ki zòn kote y ap chèche li an premye;
 - Kilè pwogram nan ap notifiye/avèti otorite ekstèn yo sou sa;
 - Ki lòt moun oswa gwoup moun pwogram nan pral notifiye sa;
 - Enpak pwosedir sa yo pou timoun ki pèdi an pral genyen sou aktivite regilye pwogram nan ak fason yo pral abode sa; epi
 - Pwosedir pwogram nan pou yon timoun ki disparèt pandan yon aktivite deyò lokal la, tankou yon ekskursyon/Vizite yon Andwa.
5. Rete Abrite w Kote w Ye a: Eksplike kijan ak ki kote anplwaye yo ak timoun yo pral rete kote yo ye a nan pwogram nan pandan okazyon tankou yon sitiyaasyon move tan ki grav. Plan an dwe adrese sa ki pa anba yo:
- Kijan pwogram nan pral jwenn enfòmasyon nan men otorite lokal yo pou detèmine si pou moun yo rete abrite yo kote yo ye a;
 - Kijan edikatè yo pral siveye prezans timoun yo;
 - Kijan edikatè yo pral kenbe timoun yo an sekirite epi alèz pandan y ap rete kote yo ye a, lè yo mete an konsiderasyon si pwovizyon rezèv yo pou ijans tankou manje, dlo, dra, flach, kouchèt, fòmil tibebe, rad ak lòt nesesis sa yo disponib nan lokal la;
 - Kijan edikatè yo pral kenbe timoun yo angaje pandan ijans lan; epi
 - Moun ki responsab pou koupe/etèn kouran, gaz, ak dlo, si sa nesesisè.

6. Konfinman: Pwogram nan dwe dekri yon seri pwosedi konfinman ki fèt pou kenbe timoun ak anplwaye yo an sekirite nan ka si ta gen yon menas potansyèl kote ke yon enkonni antre andedan pwogram nan oswa ki toupre pwogram nan. Plan konfinman an dwe adrese:
- Kijan pwogram nan pral detèmine si pou yo mete tout moun an konfinman epi kiyès ki moun ki responsab pou pran desizyon sa a;
 - Pwosedi konfinman pwogram nan;
 - Pwosedi pou fè edikatè yo konnen gen yon konfinman, sa ki enkli kiyès ki responsab pou fè yo konnen sa ak mwayen kominikasyon yo itilize;
 - Pwosedi pou fè otorite lokal yo, paran yo, ak gadyen yo okouran sou konfinman an;
 - Moun ki responsab pou fèmen pòt yo ak rasanble timoun yo; epi
 - Pwosedi pou siveye prezans pandan ak apre konfinman an.
7. Evakyasyon: Dekri kijan pwogram nan pral evakye tout timoun, sa ki enkli timoun ki gen andikap/dezabilite ak tibebe, soti nan kay la oswa nan bilding lan an sekirite pandan yon ijans. Tanpri enkli enfòmasyon sa yo:
- Wout evakyasyon ki apwouve nan gadri a sou chak etaj/espas;
 - Plan pwogram nan pou siveye prezans, epi asire ke pa gen okenn timoun ki rete andan bilding lan apre evakyasyon an;
 - Plan pwogram nan pou asire yo genyen lis moun ki apwouve pou vin chèche chak timoun;
 - Plan pwogram nan pou asire yo ap genyen avèk yo, jan sa egzije pa 606 CMR 7.11(5)(d): yon bwat èd premye swen; enfòmasyon kontak fanmi aktyèl chak timoun; enfòmasyon sou alèji ak kondisyon medikal yo konnen; nenpòt medikaman ijans oswa pou sove lavi, tankou ponp pou azma/opresyon ak piki epinefrin, pou nenpòt timoun ki gen preskripsyon pou yo; epi otorizasyon pou swen an ijans pou chak timoun.
 - Si pwogram nan itilize bèso pou evakyasyon, fè yon deskripsyon bèso yo, ki konfime ke yo an sekirite, byen fasil pou deplase, epi yo kapab pase nan pòt sòti yo, jan sa egzije pa 606 CMR 7.11(7)(i);
 - Yon deskripsyon sou fason pwogram nan pral evakye timoun ki gen yon dezabilite/andikap, sa ki enkli ladan plan swen sante endividyèl chak timoun, medikaman yo, ak ekipman yo; epi
 - Jan sa egzije pa 606 CMR 7.11(7)(f), plan pwogram nan pou kontakte depatman ponpye a oswa lòt otorite ekstèn apre yo fin evakye bilding lan.

Gade lòt egzijans anplis pou pwogram Swen/Gadri Familyal (FCC) yo ki dekri nan [EEC Exits and Evacuations in Family Child Care Programs Policy](#). (← Règleman EEC sou kijan pou w Sòti ak Evakye Pwogram Swen/Gadri Familyal la)

8. Relokalize: Pwogram nan dwe idantifye de (2) espas kote pwogram nan ka bay sèvis gadri tanporè pandan yon ijans jiskaske paran yo ak timoun yo ka reyini. Youn nan kote yo dwe a yon distans yo ka mache soti nan pwogram nan, epi lòt la dwe deyò katye pwogram nan an ka gen yon ijans ki gaye toupatou. Tanpri bay enfòmasyon sa yo:
- Adrès de (2) lokal yo chwazi pou rankontre yo, plis nenpòt lòt enfòmasyon enpòtan sou lokal yo;
 - Plan pwogram nan pou transpòte timoun yo, sa ki enkli moun ki gen yon dezabilite/andikap, tibebe, ak anplwaye yo nan chak lokal;
 - Plan pwogram nan pou siveye prezans pandan pwosesis relokalizasyon an;
 - Plan pwogram nan pou asire yo genyen lis moun yo apwouve ki pou vin chèche timoun yo; epi
 - Plan pwogram nan pou asire yo ap genyen avèk yo, jan sa egzije pa 606 CMR 7.11(5)(d): yon bwat èd premye swen; enfòmasyon kontak fanmi aktyèl chak timoun; enfòmasyon sou alèji ak kondisyon medikal yo konnen; nenpòt medikaman ijans oswa pou sove lavi, tankou ponp pou azma/opresyon ak piki epinefrin, pou nenpòt timoun ki gen preskripsyon pou yo; epi otorizasyon pou swen an ijans pou chak timoun.

Gade lòt egzijans anplis pou Pwogram Gwoup ak Laj Lekòl yo ki dekri nan [EEC Temporary/Emergency Relocation Policy](#). (← Règleman EEC sou Relokasyon Tanporè/Ijans). EEC rekòmande pou pwogram yo chèche konsèy nan men Direktè Jesyon Ijans Lokal yo lè y ap chwazi espas/lokal relokalizasyon an.

9. Kontinyite Operasyon yo Imedyatman: Detaye kijan pèsònèl/anplwaye pwogram nan pral kontinye bay Sèvis Gadri pou Timoun yo si yo pa kapab itilize bilding pwogram nan.
10. Fòmasyon pou Anplwaye ak Egzèsis Pratik: Bay plan pwogram nan pou fòme anplwaye li yo sou plan preparasyon ijans li a. Anplis, detaye pwosedi pwogram nan pou fè egzèsis pratik. Mete enfòmasyon sou fason pwogram nan pral siveye prezans pandan yon egzèsis epi kenbe yon rejis egzèsis pratik yo.

Fòmasyon sou Plan Preparasyon pou Ijans

Pwogram gadri timoun yo dwe fòme anplwaye yo sou plan preparasyon ijans yo te voye ale bay EEC a. Pwogram yo dwe fòme kèlkeswa nouvo anplwaye anvan yo kòmanse travay ak timoun yo epi refòme tout anplwaye omwen yon fwa pa ane.

Pwogram gadri timoun yo dwe anrejistre tout dat fòmasyon anplwaye yo epi bay anplwaye EEC yo rejis la lè yo mande l.

Nan pwogram gadri familyal la kote edikatè a ap fonksyone poukont li san okenn asistan, edikatè a dwe revize plan ijans li omwen yon fwa pa ane, detèmine si gen chanjman ki nesesè, epi ateste revizyon sa a oralman devan yon ajan EEC ki lisansye pandan vizit lisans yo.

Egzèsis Pratik

Selon 606 CMR 7.11(7)(h), pwogram yo dwe fè egzèsis pratik evakyasyon ak tout gwoup timoun ak edikatè sou chak etaj espas gadri ki apwouve a omwen yon fwa pa mwa. Yo dwe fè egzèsis pratik evakyasyon nan diferan lè nan jounen an epi itilize lòt espas pou sòti.

Pwogram yo dwe itilize rejis prezans jounen an pou verifye prezans timoun ak anplwaye yo pandan yon egzèsis evakyasyon, lè yo rasanble nan yon espas ki an sekirite apre evakyasyon an, epi lè yo retounen nan pwogram nan.

Selon 606 CMR 7.04(4), pwogram yo dwe dokimante tout egzèsis pratik evakyasyon yo, sa ki enkli dat la, lè a, wout pou yo sòti ki te itilize a, kantite timoun ki te evakye yo, ak siksè egzèsis la (pa egzanp, konbyen tan sa te pran pou evakye tout timoun yo, nenpòt lesou yo aprann pou amelyore egzèsis la alavni, elatriye). Pwogram nan dwe kenbe rejis sa a nan yon kote ki an sekirite epi bay anplwaye EEC yo li lè yo mande l.

EEC ankouraje pwogram yo fè egzèsis pratik pou rete abrite yo epi rete an konfinman. EEC rekòmande tou ke pwogram yo enfòme paran/gadyen yo anvan yo fè nenpòt egzèsis pratik ak pitit yo.

Afiche/Pibliye ak Notifikasyon

Tout pwogram yo dwe:

- Afiche/Pibliye plan preparasyon ijans yo a yon kote tout moun ka wè l trè klè, toupre lisans pwogram gadri EEC a.;
- Bay tout anplwaye yo yon kopi plan preparasyon pou ijans lan; epi
- Pataje plan preparasyon pou ijans lan ak paran/gadyen anvan enskripsyon timoun nan.

Pwogram yo dwe fè tout anplwaye ak paran/gadyen yo konnen chanjman yo prevwa nan plan preparasyon ijans yo omwen de (2) semèn anvan yo soumèt plan aktyalizasyon an bay EEC.

Soumèt li bay EEC

Pwogram yo dwe soumèt yon plan preparasyon pou ijans ki ajou bay EEC:

- Anvan premye lisans lan;
- Nan moman renouvèlman lisans lan; epi
- Anvan nenpòt chanjman estriktirèl nan pwopriyete yo oswa nan bilding kote pwogram nan ap opere a, sa ki enkli, men pa limite a, aranjman fizik oswa kote li ye a.

Selon 606 CMR 7.11(7)(g), pwogram yo dwe kenbe plan preparasyon ijans yo ajou epi asire li satisfè bezwen tout timoun y ap bay pran swen yo, sa ki enkli tibebe, timoun piti, ak nenpòt timoun ki ka bezwen asistans adisyonèl pandan yon evakyasyon.

Pwogram yo pral soumèt plan preparasyon ijans yo ak mizajou yo atravè sistèm pòtal LEAD la, ki se pòtal anliy EEC pou tout fonksyon lisans yo.

GID NOU SIJERE

EEC rekòmande pou pwogram yo konsilte epi kowòdone ak Direktè Jesyon Ijans Lokal yo pandan y ap kreye plan preparasyon ijans yo. Ou ka jwenn enfòmasyon kontak yo sou sit entènèt gouvènman minisipal pwogram nan (vil oswa ti vil) oswa sou sit Ajans Jesyon Ijans Massachusetts (MEMA) [website](#). (← Sit la)

Pwogram yo ka refere tou a [EEC Essentials 2.0 Training](#) (← Fòmasyon EEC Essentials 2.0) Sou Repons Ijans ak Prevansyon Timoun ki Pèdi pandan y ap kreye plan preparasyon ijans yo .

KONFÒMITE

Anplwaye/Pèsonèl EEC yo ka evalye konfòmite yo lè yo revize dokiman pwogram gadri sa yo :

- Plan preparasyon pou ijans;
- Dokimante Egzèsis pratik yo; epi
- Dokimante fòmasyon sou preparasyon pou ijans.

ENFÒMASYON ANPLIS

Pou plis enfòmasyon sou kijan pou kreye plan ijans, oswa si w vle egzanp yon plan konsa, tanpri gade:

- Sant pou Konwtòl Maladi (CDC): [Timoun ki nan Dezas: Pwofesè ak Pwogram Gadri ak Edikasyon pou Timoun Piti Bonè \(2023\)](#)
- Sansibilize Gadri pou Timoun yo:
 - [Dokimante Egzèsis Ijans nan Pwogram Gadri Timoun yo](#)
 - [Preparasyon pou Evakye oswa Rete Abrite w](#)
- Ajans Jesyon Ijans Massachusetts (MEMA):
 - [Jwenn Direktè Jesyon Ijans lokal ou a \(EMD\)](#)
 - [Plan ak Gid Planifikasyon](#)
- Biwo Preparasyon ak Jesyon Ijans Massachusetts: [Materyèl pou preparasyon an ijans](#)
 - [Zouti Pou Planifikasyon an Ijans](#)
 - [Lis verifikasyon pou ekipman an ijans yo](#)
- Administrasyon pou Timoun ak Fanmi yo Etazini (ACF):
 - [Resous pou Swen Timoun nan Ka Dezas ak Ijans \(2021\)](#)
 - [Gid Resous: Preparasyon pou Ijans, Repons, ak Resous Rekiperasyon pou Pwogram Gadri yo](#)
- Ajans Federal pou Jesyon Ijans Etazini (FEMA): [Jèn ak Planifikasyon Ijans \(2025\)](#)
- Biwo Sèvis Imèn pou Preparasyon ak Repons an Ijans Etazini (OHSEPR): [Early Resous pou Dezas Anfantil-Resous ki Gen Rapò ak Sa pou Founisè Edikasyon pou Timoun Piti yo \(2024\)](#)

PA AJOU/ EKSPIRE

- [Règleman/Politik EEC](#): Plan Kontinjans pou Ijans (2014)
- [Règleman/Politik EEC](#): Plan Kontinjans an Ijans pou Pwogram ki Finanse (2019)